

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REFÒM POU TABLI RESPONSABLITE MTA  
NAN KAD MODIFIKASYON BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2020 AN YO**

***Modifikasyon Bidjè yo gen ladan Mezi pou Asire yon Mekanis Finansman yo Dedye pou MTA, plis Sipèvizyon Finans ak Operasyon MTA yo sou Direksyon Ekspè yo, Refòme Onivo Konsèy Administrasyon ak Jesyon MTA, epi Amelyore Pwosesis pou Gwo Pwojè Ajans lan ap Antreprann yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri modifikasyon nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an ki pral tabli responsablite, ofri nouvo finansman, epi reyòganize biwokrasi akayik Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA). Modifikasyon Bidjè a yo dekri yon ansanm pwopozisyon pou Lejislati a ki pral repare sistèm lan ki te kraze depi plizyè deseni, ki gen ladan mezi pou ofri yon mekanis finansman dedye atravè tarif konjesyon yo, plis sipèvizyon ekspè sou finans ak operasyon MTA a yo, refòme estrikti Konsèy Administrasyon ak jesyon MTA a, otorize nouvo manm nan konsèy administrasyon an yo, epi amelyore pwosesis pou gwo pwojè ajans lan yo.

“Disfonksyonman onivo MTA pa yon sekre, epi pandan anpil deseni li t ap soufri akòz yon mank investisman, responsablite, ak panse kreyativ”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jodi a, nou ap ajoute mezi espesifik nan Bidjè Egzekitif la ki pral kontinye efò nou ap fè pou nou atenn vrè refòm yo. MTA dezespereman bezwen lajan, men li bezwen tou yon estrikti ki anrasine nan responsablite ak nouvèl zide ki pral asire ajans lan finalman ap opere kòmsadwa ak jan Nouyòkè yo mande.”

**Gouvènè a te pwopoze Modifikasyon Bidjè ki annapre yo:**

- **Kreye yon Komite Ekspè pou Tabli Tarif Konjesyon yo epi Asire Siveyans Esansyèl Finans ak Operasyon MTA a yo:** Modifikasyon Bidjè a yo pral tabli yon komite sipèvizyon ekspè pou MTA, ki pral gen ladan sis manm ki gen anpil eksperyans nan domèn enpòtan yo ki gen ladan verifikasyon, finans piblik, enjeniri, transpò ak transpò komen, restriktirasyon antrepriz ak jesyon risk. Komite a pral responsab yon seri fonksyon enpòtan, ki gen ladan tabli epi apwouve to ki anndan zòn tarif konjesyon yo pwopoze yo, ke Otorite Pon ak Tinèl Triborough a (Triborough Bridge and Tunnel Authority, TBTA) pral reyalize apresa. Komite a pral responsab tou pou yo sipèvize yon verifikasyon bidjè operasyon ak kapital MTA a, apwouve pwochen plan kapital ak bidjè operasyon MTA, epi analize epi anfenkont apwouve plan MTA pou reyòganize.

- **Tabli yon Estrikti Tarif ak yon Kòf pou Revni Tarif Konjesyon:** Modifikasyon Bidjè a yo pral egzije ke yo tabli to pou plan tarif konjesyon an yo selon yon estrikti tarif varyab, ki pral konsidere tip machin lan, lè ak jou nan semèn lan, kredi pou nenpòt peyaj yo te peye sou lòt pon ak tinèl yo, ansanm ak lòt faktè kle ke yo pral detèmine swivan konvèsasyon y ap genyen avèk Lejislati a. Modifikasyon Bidjè a yo pral egzije tou kreyasyon yon kòf y ap dedye pou asire ke 100 pousan revni tarif konjesyon yo ale nan bidjè kapital MTA, entèdi itilizasyon revni konjesyon pou depans ki pa depans kapital yo. Resèt yo prevwa ke plan ap jenere yo pral bay 15 milya dola pou pwochen bidjè kapital MTA, k ap kòmanse an 2020 epi k ap fini jiskan fen 2024.
- **Egzije MTA pou yo Elabore yon Plan Reyòganizasyon:** Modifikasyon Bidjè a yo egzije pou MTA elabore pou yon plan reyòganizasyon global pou mete fen nan anpil deseni movèz jesyon ak biwokrasi ajans lan. Komite ekspè a pral bezwen apwouve plan MTA a yo.
- **Ensire ke Manda Manm Konsèy Administrasyon MTA an Liy ak Antite k ap Nonmine yo:** Modifikasyon Bidjè a yo tabli dispozisyon pou yo asire manda manm Konsèy Administrasyon MTA a yo an liy ak manda fonksyonè ki te nonme yo a. Lè manda yon fonksyonè ki fè nominasyon an fini, yo pral mete manm Konsèy Administrasyon an rezèv jiskaske fonksyonè yo fenk eli a nonme yon siksesè nan Konsèy Administrasyon an. Yo konsevwa pwopozisyon an pou kreye plis responsablite ki nesèsè pou manm Konsèy Administrasyon an yo ka reponn dirèkteman a otorite ki te nonme yo a.
- **Reyalize Apwòch Konsepsyon-Konstriksyon pou tout Gwo Pwojè Kapital yo:** Modifikasyon Bidjè a yo pral egzije yo itilize apwòch konsepsyon-konstriksyon pou tout gwo pwojè kapital MTA a yo. Konsepsyon-Konstriksyon - ki konbine sèvis konsepsyon ak konstriksyon nan yon sèl kontra - redwi biwokrasi ak depans man gwo pwojè enfrastrikti, epi li deplase responsablite a sou sektè prive a. Eta New York itilize apwòch konsepsyon-konstriksyon pou gwo pwojè yo, sa gen ladan Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, youn nan pi gwo pwojè enfrastrikti piblik resan nan nasyon an, epi nouvo Pon Kosciuszko a, ki pral fini an 2020, kat ane konplè anvan lè. Pwojè konstriksyon MTA a yo raman vini atan epi apwòch konsepsyon-konstriksyon an san dout se metòd konstriksyon ki pi efikas la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)